

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar jeung ngadéskripsikeun (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina bab IV ieu panalungtikan, mangka bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi saméméh ngagunakeun média pilem pondok kawilang kurang nyugemakeun. Katitén tina hasil *pre-test* yén anu mampuh aya 6 siswa. Nu lianna masing kénéh di handap KKM atawa <70 . Jeung rata-rata nilaina nyaéta 57 kurang ti KKM. Mangka bisa dicindekkeun yén kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi saméméh ngagunakeun média pilem pondok kawilang teu mampuh.
- 2) Kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi sabada ngagunakeun média pilem pondok kawilang nyugemakeun. Katitén tina hasil *post-test* yén sakabéh siswa mampuh ngahontal KKM. Jeung rata-rata nilaina nyaéta 83 kaasup kana KKM. Mangka bisa dicindekkeun yén kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi sabada ngagunakeun média pilem pondok kawilang mampuh.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok. Ieu hal katitén tina hasil uji statistik paramétrik kalayan nilai signifkansina $0,000 < 0,05$ nu hartina H_0 ditolak, H_a ditarima. Hartina, aya béda anu signifikan antara kamampuh nyangkem paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, digunakeunna média pilem pondok dina pangajaran paguneman ka siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi mibanda

Dangiang Rael Andanawari, 2022

PANGARUH MÉDIA PILEM PONDOK PIKEUN PANGAJARAN PAGUNEMAN (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIIC SMP NEGERI 14 SUKABUMI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

implikasi yén ieu média pilem pondok téh ditarima ku siswa. Média pilem pondok ogé bisa ngirut siswa, jeung ngaronjatkeun kamampuh nyangkem paguneman siswa anu antukna ngaronjatkeun hasil diajarna. Mantuan siswa mikaharti naon anu ditepikeun dina paguneman jeung sakaligus ngaragakeun paguneman dina kahirupan sapopoé tanpa hahalang anu ilaharna kurang sumber daya manusia pikeun ngaragakeunnana.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu bisa jadi pangdeudeul panalungtikan satuluyna.

- a. Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, média pilem pondok éféktif pikeun digunakeun dina pangajaran paguneman. Ku kituna, ieu média pilem pondok bisa dijadikeun média alternatif ku guru basa Sunda pikeun pangajaran paguneman.
- b. Ieu panalungtikan sakur medar ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Ku kituna, butuh panalungtikan deui ngagunakeun métode ékspérimén murni pikeun leuwih teleb deui ngaguar ieu média.